

Kisa revelasyon andikap la ye ?

Revelasyon andikap se lè yon moun pataje enfòmasyon sou andikap li ak lòt moun. Revele enfòmasyon sou yon andikap se yon desizyon volontè e ki pèsonel anpil. Yon moun ka revele enfòmasyon sa yo pou yo ka fè aranjman espesyal pou li nan travay oswa lekòl, pou l ka resevwa swen medikal ki nesèsè, oswa paske l santi se sa ki bon pou l fè nan yon relasyon.

Poukisa revele andikap la enpòtan ?

Si w bezwen pou yo fè aranjman espesyal pou ou oswa resevwa sèvis pou w ka gen siksè nan travay oswa lekòl ou, fòk ou revele andikap la pou w ka resevwa yo. Antanke yon moun ki gen andikap, ou gen garanti Lwa pou Ameriken yo ki gen Andikap [Americans with Disabilities Act (ADA)] la ap ba w menm aksè lòt moun yo genyen a travay, lekòl, ak kominote w la. Anplis, ADA, Lwa sou Dwa Edikatif ak Vi Prive Fanmi [Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)] an, ak Lwa 1996 sou Pòtabilite ak Responsablite Asirans Sante [Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 (HIPAA)] a, mande pou anplwayè, lekòl yo ak pwofesyonèl lasante yo kenbe enfòmasyon ki an rapò ak andikap ak enfòmasyon medikal yo konfidansyèl.

Moun ki gen andikap yo deside pa revele andikap yo pafwa, paske yo gen enkyetid pou kòman lòt moun pral reyaji. Nan lavi pèsonel ou, oswa nan travay oswa lekòl, ou ka chwazi pou revele yo, epi w ka chwazi pa revele yo. Desizyon an depann konplètman de oumenm.

Revelasyon andikap apati lekòl segondè pou rive nan laj adilt

Dwa ak responsablite yo chanje lè elèv yo kite lekòl segondè pou antre nan lavi adilt. Lè elèv ki gen andikap yo kite lekòl segondè, yo pa resevwa sèvis edikasyon espesyal ankò. De preferans, elèv ki jwenn yon travay oswa k al nan inivèsite oswa nan fòmasyon apre lekòl segondè dwe defann tèt yo pou yo ka fè aranjman espesyal pou yo ak jwenn sipò yo bezwen pou yo reyisi. Se nan klas 6yèm pou rive 12yèm ane (middle ak high school) ki bon moman pou elèv yo aprann kòman pou yo revele enfòmasyon yo, pou yo prepare yo pou pwochen etap yo.

Resous yo

Sant koneksyon an (The LINK Center), yon pwojè tranzisyon Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo www.fcsn.org/linkcenter

411 la sou revelasyon andikap : Yon manyèl pou jèn ki gen andikap yo <http://www.ncwd-youth.info/publications/the-411-on-disability-disclosure-a-workbook-for-youth-with-disabilities/>

Depatman Travay nan Etazini : Biwo Regleman Travay pou moun ki gen Andikap <https://www.dol.gov/odep/>

Rezo Aranjman Espesyal nan Travay <https://askjan.org/>



**Massachusetts Department of
Elementary and Secondary Education**
75 Pleasant Street
Malden, MA 02148
781-338-3000 | www.doe.mass.edu



**Federation for Children
with Special Needs**
The Schrafft Center
529 Main Street, Suite 1M3
Boston, MA 02129
800-331-0688 | www.fcsn.org

Konsèy sou tranzisyon pou paran yo ak elèv ki gen IEP yo

(Laj 14-22 zan)



Revelasyon Andikap

Yon seri bwochi The LINK Center fè. The LINK Center se yon pwojè Federasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal ak Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts [Elementary and Secondary Education (ESE)] ap dirije

Revelasyon andikap : Bagay ou bezwen konnen....

KONSÈY 1 : Pami kesyon elèv ak fanmi dwe diskite anvan yo revele enfòmasyon yo nou ta ka bay or ou petet :

- Èske m ta dwe revele enfòmasyon ou ?
- Si m deside revele, ki moun ki apwopriye pou m di ?
- Kilè m ta dwe revele ?
- Ki kantite enfòmasyon m ta dwe revele ?
- Kòman andikap mwen afekte kapasite m genyen pou m reyisi nan lekòl oswa nan yon travay ?
- Ki aranjman espesyal oswa sipò k te bon pou mwen otrefwa ?
- Ki kalite aranjman espesyal oswa sipò m ap bezwen kounye a ?

KONSÈY 2 : Revele enfòmasyon sou andikap se yon desizyon pèsònèl.

Men kèk avantaj yo :

- Revelasyon enfòmasyon ou ka ede w santi w gen mwens estrès pou w kenbe enfòmasyon andikap la sekrè
- Si w revele enfòmasyon ou, anplwayè w la oswa lekòl ou a ka fè aranjman espesyal ak / oswa chanjman pou ou, epi ou ka resevwa swen lasante ki apwopriye
- Lè w jwenn sipò w bezwen yo ak lè w kominike ouvèteman, sa ka fè w gen plis kontan e gen plis konfyans nan tèt ou, epi sa ka ede lòt moun yo konprann pi byen ki moun ou ye
- Revele ba w pwoteksyon legal kont tretman enjis

Men kèk enkonvyanan :

- Revelasyon ka difisil e ka anbarasan
- Moun ta ka inyore w lè w fè demand pou yon travay, pou w antre nan yon ekip, yon gwoup, oswa fè pati yon pwojè
- Apre w fin revele, moun ta ka trete w yon lòt jan

Aranjman espesyal yo pèmèt moun ki gen andikap yo gen aksè a travay, edikasyon, ak anviwònman fizik. Egzanp : ankadreman nan travay, lojisyèl pou li sou ekran, ak orè travay yo modifiye pou ou.

KONSÈY 3 : Prepare w pou w revele enfòmasyon ou sou andikap la atravè mwayen sa yo :

- Konprann pwen fò w ou, konpetans ou, ak kapasite w
- Konprann defi ki an rapò a andikap ou a
- Deside ki enfòmasyon ki nesèsè pou w revele sou andikap ou a
- Konprann kiyès ki dwe aprann enfòmasyon sou andikap ou a pou l ka ede w jwenn sèvis oswa aranjman espesyal
- Aprann lwa yo k ap pwoteje w, tankou Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap yo, Seksyon 504 [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA), Section 504], ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo [Americans with Disabilities Act (ADA)]
- Jwenn kontak enfòmasyon nan depatman resous imèn oswa sant sipò pou andikap
- Kolekte enfòmasyon oswa dokiman ki dekri andikap ou a oswa dyagnostik ou a ak fason andikap ou afekte kapasite w pou fè yon travay oswa pou w konplete devwa lekòl ou
- Fè rechèch sou aranjman espesyal yo pou w bay anplwayè w la / lekòl ou a ki gen sijesyon oswa yon plan k ap reponn a bezwen w yo
 - Ekri oswa yon plan sou sa w vle di a
 - Pratike sa w vle di ak fanmi w, konseye w, oswa zanmi w

Pou aranjman espesyal ki nesèsè yo, ou pa bezwen revele enfòmasyon detaye sou andikap ou a. Revele sèlman enfòmasyon ki esansyèl yo.



Men egzanp revelasyon andikap

Louisa te gradye nan lekòl segondè avèk yon IEP e kounye a l se yon etidyan nan premye ane nan inivèsite. Li gen pwoblèm ak egzamen alekri yo akòz difikilte nan aprann nan aprantisaj li epi l te pran yon D nan premye tès li. Avèk sipò fanmi l, Louisa te chita ak yon konseye nan Biwo pou andikap pou elèv yo epi li te revele andikap li a ak bezwen pou aranjman espesyal li yo.

Enfòmasyon l te bay biwo pou andikap :

- Nenpòt evalyasyon enpòtan li te fè nan 3 ane k sot pase yo
- Yon kopi dènnye IEP l la
- Enfòmasyon espesifik sou aranjman espesyal li bezwen pou siksè akademik
 - Plis tan pou l konpoze
 - Sal apa epi ki trankil pou l konpoze
 - Nòt prepare oswa kopi PowerPoint nan men enstriktè a

Enfòmasyon l te bay pwofèsè l yo :

- Dokimantasyon nan men Biwo pou andikap la konsènan andikap ak bezwen pou aranjman espesyal yo
- Enfòmasyon espesifik sou aranjman espesyal yo ki nesèsè pou siksè akademik

Malcolm te pran pwomosyon pou l vin yon ajan k ap resevwa machandiz nan yon depo. Li pa t konn fin fini tout travay li epi l te pè pou yo pa t mete l nan yon pozisyon pi ba oswa revoke l. Malcolm te pratike sa l te bezwen di anplwayè l, li te kolekte dokimantasyon sou andikap li a, e li te fè yon lis aranjman espesyal li bezwen yo fè pou li.

Enfòmasyon l te bay anplwayè l :

- Dokimantasyon nan men doktè l pou verifiye andikap li a
- Enfòmasyon espesifik sou aranjman espesyal li bezwen yo pou l amelyore pèfòmans li nan travay
 - Lis kontwòl tout sa l gen pou l fè yo (pa sekans)
 - Poz 20 minit chak 2 èdtan olye de yon poz 60 minit pou manje midi
 - Verifiye avèk sipèvizè ki de sèvis la nan kòmansman chak peryòd travay pou pèmèt li poze kesyon epi egzamine kantite travay pou jounen an

Si w chwazi pou revele, pa mete twòp aksan sou aspè negatif andikap ou a. Mete aksan sou pwen fò w yo !